



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KANTITE FÈM SIDR NEW YORK TE TRIPLE DEPI 2014**

***Oktòb la make twazyèm anivèsè lwa sou fèm sidr yo (Farm Cideries Law)***

***Eta te patwone semèn selebrasyon Sidr la ki montre pwodikèt sidr brit New York epi sipòte kwasans endistri a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon kantite fèm sidr kap fonksyone etablisman manifakti yo nan Eta New York te triple, ogmante apati 8 nan Oktòb 2014 pou rive a 24 jodia. Kwasans sa te yon rezilta dirèk nan lwa sou fèm sidr yo ki te siyen nan dat 17 Oktòb 2013. Lwa a te etabli yon nouvo lisans pou sidri yo ki itilize rekòlt ki te grandi eksklizivman nan New York. Li te ranfòse endistri pòm eta, ankouraje kwasans travay, epi stimile touris toupatou nan Empire State.

“Lwa sou fèm sidr yo (Farm Cideries Law) te koupe sou fòmalitye administratif pou pwodikèt pòm anvanm avèk antreprenè yo nan New York, ede boujonnen pati sa nan sektè bwason atizanal la kap grandi a gran pa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se yon gwo sinèji pou fèm sidr yo, ki itilize pòm New York yo pou fè yon gwo pwodui New York, yon viktwa kap ede kreye travay ak aktivite ekonomik nan konsèy la. Mwen pa ka tann pou m wè kwasans kontinyèl endistri enteresan sa pratikman nan chak kwen nan eta sa.”

Anplis de 24 fèm sidr kap fonksyone jodia, yo te ouvè senk lòt branch magazen andeyò sit la, kote fèm sidr yo ka vann diven ki pwodui nan fèm, byè, bwason ak sidr nan boutèy oswa nan vè, anplis pou fonksyone magazen kado epi ouvè restoran.

Anvan lwa sou fèm sidr la, yo te ka pwodui sidr brit sèlman nan etablisman diven yo oswa atravè yon pwodikèt sidr ki gen lisans, ki pa egzije itilizasyon pòm New York yo. Pwodiktè sidr ki gen lisans yo te manke elaji privilèj yo sa ki gen ladan degistasyon, lavant lòt pwodui yo ki baze sou fèm nan boutèy oswa nan vè, anvanm avèk opòtinite pou ouvè restoran, magazen kado ak branch magazen, sa ki te ede fèm sidr New York yo pou vini destinasyon touris.

Lwa sou fèm sidr yo te etabli apre youn nan twa somè diven, byè ak bwason Eta New York (New York State Wine, Beer and Spirits Summits) pou tande dirèkteman bò kote pwofesyonèl endistri a sou bezwen yo ak opòtinite pou kwasans. Lwa a te antre anviyè nan dat 15 Janvyè 2014 e li otorize fèm sidr yo pou fabrike epi vann sidr brit apati rekòlt yo ki fèt nan Eta New York. Dispozisyon ki nan nouvo pwojè lwa yo fèt sou modèl dispozisyon menm jan an pou fèm brasri, diven ak distilri yo.

Wap jwenn yon lis fèm sidr kap fonksyone nan Eta New York ki disponib [la](#).

### **Semèn Aktivite Sidr**

Anivèsè a kowenside avèk semèn aktivite Sidr nan Finger Lakes ak Vil New York. Patwone pa [Taste NY](#), [I Love NY](#), ak Glynwood, aktivite sa yo vize nan pwomote pwodiksyon sidr New York epi devlope yon mache pou bwason distenktif yo. Lè nou ogmante prezans sidr nan gwo restoran, ba, ak magazen andetay nan rejyon sa yo, semèn sidr la ogmante randman nan jaden rezen lokal yo epi ede pou fè reviv eritaj varyete pòm nan.

Ane sa semèn Sidr la ouvè wout nan Asosyasyon Sidr New York (New York Cider Association), yon gwoup komèsyal bwa son atizanal te lanse ane pase an repons a endistri a kap elaji rapidman. Objektif NYCA se pou favorize kwasans dirab pou endistri sa kap devlope.

[Semèn Sidr Vil New York](#) la pral fèt nan dat 21 a 30 Oktòb. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan <http://ciderweeknyc.com/>. [Semèn Sidr Finger Lakes](#) tap selebre tou apati 1ye pou rive 9 Oktòb.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Semèn Sidr NY, ale nan <http://www.ciderweekflx.com/> oswa <http://ciderweeknyc.com/>.

### **Sipòte endistri Agrikòl New York**

Eta New York klase dezyèm nan pwodiksyon pòm nan peyi a, yon plas ke li te genyen depi 1996. Kòm kantite sidr nan eta ap monte an flèch, demann pou pòm New York la ap kontinye grandi. Daprè Biwo Sèvis Statistik Depatman Agrikilti (U.S. Department of Agriculture Statistics Service), New York te pwodui 1.36 milya liv pòm nan 2015, yon pousantaj preske 8 pousan parapò a ane anvan. Valè pwodiksyon pòm Eta te ogmante pa preske 10 pousan a yon estimasyon \$275 milyon parapò a 2014.

Asosyasyon Pòm New York (New York Apple Association), rapòte endistri pòm lan nan Empire State bay apeprè 10,000 djòb agrikòl dirèk nan New York ansanm avèk plizyè milye djòb endirèk grasa manitansyon fwi, distribisyon, maketing, ak ekspòtasyon.

### **Endistri Bwason Atizanal ki an demann ak ekonomi New York**

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, eta kontinye kondwi bwason endistri atizanal la delavan. Lè nou pase yon gwo pati nan lwa, lanse kanpay pwomosyon agresif, epi enpleman re- fòm règlemantasyon konsiderab, sektè ekonomi an te vini yon gwo kondiktè nan kreyasyon travay ak delvopman ekonomik nan kominote toupatou nan Eta. Depi 2011, kantite pwodiksyon bwason alkòl yo ki baze sou fèm te ogmante pa 178 pousan, sa ki pote total kantite etablisman diven, brasri, ak sidr yo nan itilize engredyan yo ki grandi nan New York a 570.

Nan mwa Septanm, Gouvènè Cuomo [te siyen lwa](#) ki enstitye nouvo kredi taks pou brasri Vil New York yo. Li te [siyen tou](#) lwa pou modènize Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control Law) nan pèmèt restoran ak ba yo vann bwason alkòl nan oswa anvan midi nan Dimanch. Semèn apre a li [te siyen lwa anplis](#) pou pèmèt fèm pwodiksyon diven, brasri ak sidri yo vann pa vè nenpòt bwason alkolize fèm yo ki pwodwi New York, nan etablisman pwodiksyon yo an oswa nan lòt branch magazen ki

lòt kote.

Anplis, Gouvènè Cuomo [te anonse ekspansyon](#) kredi pwodiksyon byè nan mwa Jen ki sot pase a pou enkli endistri sidr, diven ak bwason New York. Kounye a ki rele Kredi Pwodiksyon Alkòl, li prevwa pou ekonomize etablisman diven, distilri ak sidr yo \$4 milyon dola anplis sou de pwochen ane yo.

Chanjman sa yo chita sou pwogrè Gouvènè Cuomo pou rnafòse endistri bwason atizanal pandan snekan ki sot pase yo. Grasa efò sa yo, kominote lokal yo te obsève yon ogmantasyon nan revni taks, plis opòtinite travay, demann ki pi elve pou pwodui agrikilti yo, ak yon endistri touris ki pi solid.

**Komisyone Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare,** “Grasa lwa sou fèm sidr yo, endistri pòm New York la vin pi pwisan pase anvan, yo te kreye plis travay, biznis lokal yo ap fleri, e kliyan yo ap pwofite de pòm klas mondyal nou yo nan yon lòt nouvo fason. Gouvènè Cuomo te rekonèt potansyèl pou siksè sa e mwen remèsye l pou sipò kontinyèl l nan tout endistri bwason atizanal la.”

**Prezidan State Liquor Authority Vincent Bradley te deklare,** “Depi premye somè a, Gouvènè Cuomo te fè patenarya avèk endistri a pou kreye yon nouvo lisans ki baze sou fèm ki koute mwens, redwi taks ak frè, enpleman règleman refòm ki enpòtan, epi sipòte rechèch ak maketing ki te kondwi a yon renesans nan fabrikasyon bwason atizanal toupatou nan Eta New York.”

**Prezidan, PDG & Komisyone Empire State Development Howard Zemsky te deklare,** “Pandan twazan ki sot pase yo, nou te wè kwasans fòmidad nan endistri sidr New York la grasa efò Gouvènè Cuomo pou sipòte endistri sa kap boujonnen, sa ki gen ladan lwa sou Fèm Sidr yo. Se te yon sityasyon gayan-gayan pou Eta New York – siksè sidri a yo te estimile biznis pou agrikiltè pòm New York yo, pandan y ap founi bon jan kalite pòm fre bay pwodiktè sid ak bwason atizanal yo toupatou nan Empire State la.”

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Sdir New York (New York Cider Association) Jenn Smith te deklare,** “Ankourajman Gouvènè Cuomo’ nan makè sidr Eta New York te lakoz non sèlman nan yon kwasans fenomenal nan kantite sidr ki te pwodui, nan volim fwi ki te itilize ak ogmantasyon nan valè ajoute nan rekòlt pòm anyèl eta –li te lakoz nan devlopman idantite sidr Eta New York kòm pwodui agrikòl fantastik, yon bwason gwo kompleksite, ak yon konpleman pou nenpòt repa.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418